

## DEKLARASYON ENFÒMASYON SOU VAKSEN

# Vaksen kont Menengosik B: Sa ou Dwe Konnen

Many vaccine information statements are available in Haitian Creole and other languages. See [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

Genyen plizyè deklarasyon enfòmasyon sou vaksen an ki disponib nan lang panyòl ak lòt lang yo. Gade sou [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

## 1. Poukisa pou pran vaksen?

Vaksen Menengosik B kapab ede w pwoteje kont **maladi menengosik** gwoup sewo B lakòz. Genyen yon lòt vaksen kont Menengosik B ki disponib ki kapab ede kont gwoup sewo A, C, W, ak Y.

**Maladi Menengosik** kapab bay menenjit (enfeksyon likid ki nan sèvo a ansanm ak mwèl epinyè a) ak enfeksyon nan san. Menm lè li trete, maladi menengosik lan touye dis (10) jiska 15 moun ki enfekte sou 100. Epi moun ki siviv yo, anviwon dis (10) jiska 20 sou 100 pral genyen yon andikap tankou pa tandè, domaj nan sèvo, domaj nan ren, pèdi yon manm, pwoblèm nan sistèm nève, oswa gwo sikatris nan grèf pou.

Maladi Menengosik lan ra epi te bese nan peyi Etazini depi nan kòmansman ane 1990 yo Sepandan, se yon gwo maladi epi genyen yon gwo risk pou touye ou oswa bay yon andikap k ap dire lakay moun ki pral genyen li an

Tout moun kapab genyen maladi menengosik lan. Kèk moun genyen plis risk, tankou:

- Tibebe ki genyen mwens pase yon (1) lane
- Adolesan ak jèn granmoun ki genyen ant 16 jiska 23 lane
- Moun ki genyen kèk pwoblèm medikal ki aji sou sistèm iminitè yo
- Mikwobyolojis ki travay regilyèman avèk izòlman *N. meningitidis*, bakteri ki bay maladi menengosik
- Moun ki gen risk poutèt yon epidemi ki te genyen nan kominote yo an

Yo pral voye enfòmasyon bay Michigan Care Improvement Registry pou ka pèmèt moun (yo) ki bay swen medikal gen enfòmasyon ki egzat sou estati vaksinasyon, evalyasyon vaksinasyon, ak orè yo rekòmande pou vaksinasyon alavni. Moun gen dwa pou mande moun ki ba yo swen medikal pou yo pa voye enfòmasyon sou vaksinasyon nan Biwo Anrejistremman an.

## 2. Vaksen kont Menengosik B

Pou pwoteje, ou dwe pran plis pase 1 dòz nan yon vaksen kont Menengosik B. Genyen de (2) vaksen kont Menengosik B ki disponib. Se menm vaksen an yo dwe itilize pou tout dòz yo.

Yo rekòmande vaksen kont Menengosik B yo pou tout moun ki genyen dis (10) lane oswa plis ki gen gwo risk sewogwoup B maladi menengosik, tankou:

- Moun ki genyen gwo risk pou pran yon epidemi menengosik gwoup sewo A B
- Tout moun ki genyen larat yo ki genyen pwoblèm oswa ki sòti, tankou moun yo ki genyen maladi falsifòm.
- Tout moun ki genyen yon maladi sistèm iminitè ki ra yo rele "defisi nan eleman konpleman yo"
- Tout moun k ap pran yon kalite medikaman yo rele "konpleman inibitè", tankou eskazimab (yo rele "Solis"® tou) oswa ravulizumab (yo rele tou "Ultomiris"®)
- Mikwobyolojis ki travay regilyèman avèk izòlman *N. meningitidis*

Yo ka bay vaksen sa yo baytout moun ki gen 16 jiska 23 lane tou pou bay pwoteksyon akoutèm kont pifò tansyon maladi menengokòk gwoup sewo (serogroup) B, selon diskisyon ki gen ant pasyan an ak pwofesyonèl swen sante a. Laj yo rekòmande pou pran vaksen an se ant 16 jiska 18 years.



U.S. Department of  
Health and Human Services  
Centers for Disease  
Control and Prevention

---

### 3. Diskite ansanm ak pwofesyonèl swen sante ou an

---

Di founisè vaksinasyon ou an si moun lan ap pran vaksen an:

- Li te gen yon **reyaksyon alèjik aprè yon ansyen dòz vaksen kont menengosik B**, oswa genyen tout **alèji ki grav, ki kapab bay lanmò**
- Li **ansent oswa ap bay tete**

Nan kèk ka, pwofesyonèl swen sante timoun ou an kapab decide pou ranvwaye vaksinasyon kont menengosik B pou yon lòt vizit.

Yo dwe repòte vaksen kont menengosik B an pou moun ki ansent yo sof si moun lan gen gwo risk epi, aprè yo fin konsilte pwofesyonèl swen sante yo, yo konsidere avantaj vaksinasyon an antanke gwo risk.

Moun ki pa twò malad oswa ki malad anpil yo, tankou yon rim, kapab pran vaksen an. Moun ki pa twò malad oswa malad anpil yo jeneralman dwe rete tann jiskaske yo geri avan pou yo pran vaksen kont menengosik B an.

Pwofesyonèl swen sante ou an kapab ba ou plis enfòmasyon.

---

### 4. Risk reyakasyon ak yon vaksen

---

- Doulè, reyakasyon alèjik, oswa kote yo bay piki a anfle, fatig, altèt, doulè nan misk oswa nan jwenti, lafyèv, oswa tèt vire kapab rive aprè w fin pran vaksen kont Menengosik B an. Mwatye moun ki pran vaksen an genyen kèk nan reyakasyon sa yo.

Pafwa genyen moun ki endispoze aprè pwosedi medikal yo, menm vaksinasyon ladan li. Di pwofesyonèl swen sante ou an sa si w santi pa byen oswa genyen chanjman an chan vizyon ou oswa zòrèy ou ap bouyi.

Menm jan ak nenpòt medikaman, genyen yon risk ki fèb anpil pou yon vaksen lakòz gwo reyakasyon alèjik, lòt blesi ki grav, oswa lanmò.

DCH-3932HC AUTH: P. H. S., Act 42, Sect. 2126.

Haitian Creole Translation provided by Massachusetts Dept. of Public Health, Immunization Program

Vaccine Information Statement  
**Meningococcal B Vaccine**

---

### 5. Kisa k ap pase si genyen yon pwoblèm ki grav?

---

Yon reyakasyon alèjik kapab parèt aprè moun ki vaksinen an kite lopital lan. Si w konstate yon reyakasyon alèjik ki grav (itikè, figi ak gòj ki anfle, gen difikilte pou respire, batman kè rapid, vètij, oswa feblès), rele **9-1-1** epi ale ak moun lan nan lopital ki prè a.

Pou lòt siy ki ba ou kèk enkyetid, rele pwofesyonèl swen sante ou an.

Ou dwe deklare reyakasyon efè negatif yo nan Sistèm Notifikasyon Efè Negatif Vaksen yo (Vaccine Adverse Event Reporting System, VAERS). Pwofesyonèl swen sante ou an jeneralman pral depoze rapò sa a, oswa ou kapab fè sa a pou kont ou. Vizite sitwèb VAERS lan sou [www.vaers.hhs.gov](http://www.vaers.hhs.gov) oswa rele nan **1-800-822-7967**. *VAERS sèlman la pou rapòte reyakasyon yo, epi manm ekip VAERS yo pa bay konsèy medikal.*

---

### 6. Pwogram Nasyonal Konpansasyon Viktim Vaksen yo (The National Vaccine Injury Compensation Program)

---

Pwogram Nasyonal Konpansasyon viktim Vaksen yo (National Vaccine Injury Compensation Program, VICP) se yon pwogram federal yo kreye pou bay moun kèk vaksen ba yo pwoblèm rekonpans.

Reklamasyon konsènan blesi oswa lanmò vaksen an lakòz genyen yon kantite tan pou fè depo a, ki kapab soumèt nan yon delè de (2) lane. Vizite sitwèb VICP lan sou [www.hrsa.gov/vaccinecompensation](http://www.hrsa.gov/vaccinecompensation) oswa rele nan **1-800-338-2382** pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram lan epi konsènan fason pou depoze yon reklamasyon.

---

### 7. Kijan pou jwenn plis enfòmasyon?

---

- Mande pwofesyonèl swen sante ou an.
- Rele depatman sante ki nan rejyon ou an oswa eta ou an.
- Vizite sitwèb Administrasyon Mediaman ak Alimantasyon (Food and Drug Administration, FDA) pou fich vaksinasyon ak lòt enfòmasyon sou [www.fda.gov/vaccines-blood-biologics/vaccines](http://www.fda.gov/vaccines-blood-biologics/vaccines).
- Kontakte Sant Kontwòl Maladi ak Prevansyon (Centers for Disease Control and Prevention (CDC):
  - Rele nan **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)** oswa
  - Vizite sitwèb CDC sou [www.cdc.gov/vaccines](http://www.cdc.gov/vaccines).

42 U.S.C. § 300aa-26

8/6/2021

POU UTILIZE  
NAN BIWO  
SÈLMAN

